ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ЛЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№127 (21.785) ● 2010 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 10, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТымрэ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

Пщыншэ Къ.Хь. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» щІэ льапІэр фІэщыным и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм, и Іэщ Іагъэм фІыуэ зэрыхищІыкІым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и экономикэм зиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам кьыхэкІыу «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» щІэ льапІэр фІэщын **Пщыншэ Къазбэч Хьэлым и кьуэм** - Федеральнэ антимонопольнэ Іуэхущ Іапі эм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІэ кьудамэм и унафэщым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м
№63-УП

● Дыгъуасэ

И къалэнхэм фІыуэ полъэщ

Бадзэуэгъуэм и 9-м КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэр къызэрыщэрагъэпэщэрэ илъэс 15 зэрырикъум теухуа зэІущІэ.

АБЫ ХЭТАЩ КЪБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен,** КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Чеченов Ануар,** КЪБР-м и Правительствэм и Іэтащхьэ **Меркулов Александр,** УФ-м и Президентым и ІыкІуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балькъэрымкіэ и инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Александр,** КЪБР-м и Конституцэ судым и тхьэмадэ **Геляхов Абдулыхь,** КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІым и къуэдзэ **Федченкэ Людмилэ,** нэхъапэм ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІу щытахэу **Дохъушокъуэ Мусэ, Зумакулов Борис, Чэт Юрий, Тупикин Андрей** сымэ, политикэ партхэм я Іэтащхьэхэр, ХэхакІуэ комиссэм хэтхэр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэр къызэІуихри пэублэ псалъэр **Кьанокъуэ Арсен** иритащ КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ **Джэш Вячеслав.**

- БлэкІа илъэсхэм мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэ гугъуэхэр зэфІэдгъэкІащ, - жиІащ Кьанокъуэм. - Кьыхэгъэщыпхъэщ ди республикэм и хэхакІуэ системэр а кьалэнхэм хъарзынэу зэрыгъэпэщащ, иджыри зэфІэхьи хуей Іуэхугъэм жыджэру зэрелэжьыр. Кьыхэзгъэщыну сыхуейщ и пэ дыдэм щегъэжьауэ ХэхакІуэ комиссэм Іуэху зехьэкІэ убзыхуэ зэрригъэувар, абы и щыхьэтщ ди республикэм щекІуэкІа хэхьныгъэхэр къызэхуэтыншэу кьызэгъэпэща зэрыхъуар. Комиссэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэр, ди лъахэм кьызэринэкІа зэман гугъухэм лажьэхэр кьрихьэлІащ нобэрей зэІущІэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми фІыщІэ хуэфащэщ.

АдэкІэ Джэш Вячеслав тепсэлъыхьащ КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм кьикІуа гъуэгуанэм.

- ХэхакІуэ комиссэр КЪБР-м и къэрал Іуэхущ Іапі эм щхьэхуэу къыщызэрагъэпэщар 1995 гъэм и бадзэуэгъуэрщ. Илъэс 15 гъуэгуанэр кІэщІкъым къэткІуам дриплъажу гупсысэ пыухыкІахэр кьэдгъэлъэгъуэну, - жиІащ Джэшым. - Дэ тщыгъупщэн хуейкъым, зи гугъу тщІы Іэнатіэм къэралым и тхыдэм къыхэщыж лъэхъэнэ гугъуэхэр къызэрызэринэкІар, зыпэщІэува Іуэхугъуэхэм я инагъыр, ахэр зэрызэфІихыфар.

КъыкІэлъыкІуэ илъэсхэм комиссэр зыхуэхэзыар КЪБР-м щыІэ зэгурыІуэныгъэр, политикэ зыужьыныгъэр нэхъри егъэфІэкІуэнырщ, хэхьныгъэхэр зыхуэ хуэзэу кьызэгъэпэщырщ.

Джэш Вячеслав и лэжьэгъуэхэми я Іэнатіэм кьепха псоми ехъуэхъуащ икІи республикэ хэхьныгъэ системэр зэфІэуэвэным хэлыфыхьахэм я цІэр кьриІуащ.

АдэкІэ псалъэ зрата **Дохъушокъуэ Мусэ** и гугъу ищІащ езыр щылэжьа илъэсхэм зрихьэлІа Іуэхугъуэхэм. 2001 - 2007 гъэхэм ХэхакІуэ комиссэм и Іэтащхьэу щыта, нобэ ЦІыхум и хуитныгъэхэр хъумэнымкІэ Уполномоченнэу КЪБР-м щыІэ **Зумакулов Борис** жиІащ зыпэрыта ІэнатІэм теухуа и гупсысэхэр и Іэдакъэ кьыщІэкІа тхылъым кьызэрыщІагъэльэгъуар.

ХэхакІуэ комиссэм и мыхьэнэр, ар хабзэ убзыхуам тету зэрылажьэр КЪБР-м и Парламентым щыщылажьэм щигъуэ зэригъэунэхуар и псалъэм кьыхигъэщащ **Федченкэ Людмилэ.**

УФ-м и Центральнэ ХэхакІуэ комиссэм кьыбгъэдэкІ фІыщІэ тхылъхэр Джэш Вячеслав яритащ Дохъушокъуэ Мусэ, Зумакулов Борис, Чэт Юрий, Тупикин Александр сымэ. АдэкІэ УФ-м и Центральнэ ХэхакІуэ комиссэм, КЪБР-м и Парламентым, КЪБР-м и Правительствэм, КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм я щІыхь тхылъхэр иратыжащ Къэбэрдей-Балькъэрым хэхьныгъэхэр кьыщызэрагъэпэщынымк, гъэткІуэкІым жыджэру хэлэжьыхьахэм.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Джэш Вячеслав Дохъушокъуэ Мусэ егъэлъапІэ.

Зумакулов Бориси...

Суфэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.* ...Тупикин Андреи.

●КЪБР-м и Парламентым и комитетхэм

Хабзэхэр ирагъэфІакІуэ

КЪБР-м и Парламентым Хуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсныныхь-энергетикэ комплексымкіэ и комитетым и зэІущІэм щытепсэлъыхьащ «Къалэхуэ гъэжьыгъэхэм я Іуэхукіэ» республикэм и Закон щІэзэщІа зэрыхъум. Ар иригъэжьэщІащ а кьудамэм и унафэщІ Гриневич Валерий.

УХУЭНЫГЪЭМРЭ архитектурэмкІэ министрым и кьуэдзэ **Кьхуэлуфэ Иринэ** кьызэригъэльэгъуамкІэ, дунейпсо экономикэ кризисым кьиша гугъуехьхэр нэхъыбэу зылъэІэсахэм мы Іэнатіэр ящыщІи. Инвестор куэдым я ІуэхущІафэхэр кьызэтрагъэуВыІащ, хуэунынгъэу ирагъэкІуэкІыр, инвестицІэ программэхэмрэ щІыналъхьа проект хэхаХэр гъэзэщІэнымрэ халъхь мылькур ягъэмэщІащ.

- Лъэпощхьэпохэм щхьэхІэ кьэмынэу, Урысей Федерацэм и Къалэхуэху кодексым зэрыщыгъэпэщащ. Къэбэрдей-Балькъэрым архитектурымрэ кьалэхуэхэм я ландшафтымрэ я Іэнатіэхэм зыужьыгъэ щыгъэ зэрыгъэунэхуар и псалъэм кьыхигъэщащ **Федченкэ Людмилэ.**

УФ-м и Центральнэ ХэхакІуэ комиссэм кьыбгъэдэкІ фІыщІэ тхылъхэр Джэш Вячеслав яритащ Дохъушокъуэ Мусэ, Зумакулов Борис, Чэт Юрий, Тупикин Александр сымэ. АдэкІэ УФ-м и Центральнэ ХэхакІуэ комиссэм, КЪБР-м и Парламентым, КЪБР-м и Правительствэм, КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм я щІыхь тхылъхэр иратыжащ Къэбэрдей-Балькъэрым хэхьныгъэхэр кьызэрагъэпэщынымк, гъэткІуэкІым жыджэру хэлэжьыхьахэм.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Аруан куей

Автобусыщ Іэхэр къаІэрохьэ

Аруан куейм сом мелуани 6-рэ мин 670-рэ хухихащ автотранспорт къищэхуным.

АБЫ ЩЫЩУ процент 70-р езы районым, процент 30-р, Урысеймрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэмрэ я бюджетым къыхэкІащ. Абыкіэ ящем автобуситху къищэхуащ: ПАЗ-32054-07-м хуэдэу тІу, «Волжанин-32901»-м хуэдэу автобусищ.

ПАЗ-хэр Нарткъалэ дэт автотранспорт предприятэм иратащ, адрей щыр - «Транстур» ООО фирмэм. Автобусыщ Іэхэр тетныкуи Анзорей - Нарткъалэ, Псыгуэнсу - Нарткъалэ гъэзэгухэм.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

● Бадзэуэгъуэм и 11-р Бдзэжьеящэм и махуэщ

Апхуэдэу екІуэкІынумэ...

«Зэпкаспрыбвод» ФГУ-м и Къэбэрдей-Балькъэр щІэзэщІа къудамэм и къаладныр псыхэм я къуладигъэр зыхуэдэр джыныщ, хъумэныщ, бдзэжьейр кьыщэраубыщ щІыкІэр гъэтэмэмынырщ.

КУЭДЫР щигъуаэзщ 1958 гъэм Осетие Ищхьэрэ-Аланием Тэрч псым щытращІыхьа Павлодольск ІущІапІэм жылэ ящхьыну кьакІуэ бдзэжьейхэр кьызэрыдримыгъэкІуейм ди республикэм хэщІыныгъэшхуэ кьызэрыхуихьым. Псом хуэмыдэу бдзэжьей кьуэлэныкъэ аргуейм кІэ. 1999 гъэм и гъатхэпэ мазэм Осетие Ищхьэрэ-Аланием и промышленнэ предприятэхэм я псы фІейхэр Тэрч зэрыхъуТІыпщхьам и зэранкІэ,Ботэщей кьуажэмрэ Май къалэмрэ я зэхуакум бдзэжьей куэд дыдэ щигъэлІауэ щытащ. Къэбэрдей-Балькъэрым и республикэ бдзэжьей инспекцэм кьызэрихутамкІэ, абы щыгъуэ пащІэкІапсэрэ нэгъуэщІ лІэужьыгъуэу мин 30-м щигъу Іисраф хъущ.

Псыхэр нэхъыбэу зыуцІэпІыр ЖКХ-мрэ промышленнэ Іуэхущ Іапі эхэмрэ я фІейращ. Кьащтэмэ, Аруан псым аплхуэдэу хаутІыпщхьэр щыІэ мардэм хуэдэ 30-кІэ щІегъу. Абы хэс бдзэжьейр пшхы хъуркъым. Гъэкъэбзапі э куэдым я щытыкІэм арэзы укьищІыркъым, иджыреІ Іэмалхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ кьагъэсэбэпыркъым. Ар щынэрылъагъуэ «Бахъсэн псы бжьамиІ» МУП-м. Балъкъ псыр спирт кьыщІэзыху «Си къалащхьэ» ООО-м еуцІэпІ. Нэгъабэ кьагъэсэбэпа псы зэхуэхъасыпІэ 31-м щыщу 5 къудейрщ бдзэжьейр зэрахъумэ ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэгъэпэщауэ щытар.

2009 гъэм республикэм и псы ежэхэм хэдгъэІыпщхьащ ШІэджэм куейм щыІэ бдзэжьей къуэлэн заводым кьыщыгъэшаа хьэмцІажьэу мини 121,6-рэ. Апхуэдэу бдзэжьеящэхэм дахоупщІыхь ди кьуршыпсхэм, псынэхэм, псы хъумапІэхэм нэхъыфІу езэгъ лЭужьыгъуэхэр зыхуэдэжьей, абыхэм зэрызажь, зэрыбагъуэ щыкІэр зыдоГъащІэ, нэгъуэщІ Іуэху щхьэпэхэри зэфІыдогъакІ.

Къухьэпі э-Каспийск псы управленэм бдзэжьей хозяйствэмкІэ и комплексым и лэжьакІуэхэм я щІыналъэ зэхуэку профсоюзыр Къэбэрдей-Балькъэрым бдзэжьей зыгъэхьху и Іэнатіэхэм бгъэдэт псоми я махуэмкІэ йохъухьэху. Абы щыІэныну сыхуейт дунейм и хьугъуэфІыгъуэхэр, ди псы ежэххэм я кьабзагъыр, абыхэм хэс бдзэжьейхэр хъумэным, гъэбэгъуэным зи нэІэ тезыгъэт ди гупшІысум и мурадхэр кьежьулІэну, и зэфІэкІ Іным хигъэхъэну сызэригуапэр.

КРАСНОЖЁН Александр,
«Запкаспрыбвод» ФГУ-м КъБР-м щІэ къудамэм и унафэщІ, УФ-м бдзэжьей хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

■ ДифІ догъэльапІэ ■ ТВ, радио нэтынхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт Щэбэт кьыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис



Сабийхэм папщІэ... щхъухь

«Янцы ваньбао» газетым дыгъуасэ къыдэрытехуамкІэ, Китайм и щІыналъищым аргуэру къыщыгъэзэщ меламиныр зыхъэль сабий ерыскъ ныгъуэгъэр.

Ар химием и пхьигъуэ шынагъуэщ, псом хуэмыдэу щэхэкІым щыхьэзэрыхьам деж. АтІэми, меламинир мы зэми хэпІуэкІыжащ нэхъ цыкІу дыдэхэм папщІэ зыхащІэ гъэшхэкІ ерыскъыгъуэм.

Меламинир 2008 гъэм дунейпсом цІэрыІуэ щыхъуат, щэмрэ щэхэкІымрэ протеину хэлъыр нэхъыбэ ящыщ папщІэ Китайм ар щыхалъхьэу кьахутэ нэужь. «Саньлу» компанием и гъэшхэкІ зыІуха цыкІуих а гъэм дунейм ехьжат, сабий мин 300 сымаджэ хъэлъэ хъуат.

Абыи ардыдэр кьыщагъэщ Цинхай, Ганьсу, Цзилинь куейхэм. А продукцэм и ныкъэр «Дунжань» компаниием ищІауэ кьыщыщІэкІым, абы и упчІэщІри и инженер нэхъыщхьэр полицэм иубыдащ.

Гугъэ кІыхь и пІалъэ кІэщІыр

Израильм и телевиденэм интервьюю щиритым, США-м и президент Обамэ Барак зэрыжиІамкІэ, палестинхэмрэ я журтхэмрэ я зэхуаку дэлъ кьауГъэр дыдэхуэкІуэ ипхъэ зыбжанэм, ныхуэгъэтэмэмы-жынущ. Арщэхэкіэ гурыІуэгъуэкІым абы апхуэдэ Іуэху еплыкІэм хуищІ лъабжьэр.

Обамэ Барак кьелъытэ и президентыгъуэ пІалъэм кьитІасэу (2013 гъэ хьуху) илъэсипщІ бжьыгъэкІэрэ зэззэуа, ноби зэзэауэ лъэпкъитыр пчэзэгъэкІужыну. Абыкіэ тегъэщІапІэ ещІ Израильмрэ Палестинэмрэ США-р я дэлэлу зэрызэпсалъэр. Ауэ а Іуэхум нобэр кьызадэсым зы ехьулІэныгъэ мащІи кьыхэкІакъым.

- СызэреплъымкІэ, Израильм и премьер-министр Нетаньяху Беньямин и фейдэ хэлъщ зи кьэралыр нэхъ шынагъэуэщІэу зыхэпсэукІын Іуэхугъуэхэр зылэжьа политикиуэ тхыдэм кьыхихьэну», - жеІэ США-м и президентым.

Абы щыгъуэми, езы Нетаньяху Іупщу дуней псом хьугуригъэІуащ Палестинэ щІыналъэм журт жылагъуэхэр щыухуэным и Іуэхур жэпуэгъэнымрэ, Ар зэгурыІуэныгъэ щхьэхуэкІэ фокІадэ хьуху зэтрагъэувыІат.

Сыхьэт 26-кІэ

«Ассошиэйтед Пресс» хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эм къыдэритыжкІэ... «Solar impulse» кьхъуэлъатэр, зи двигателхэр дыгъэм кьрит къаруКІэ лажьэр, ялэу зы жэщ-махуэкІэ уэгум итащ, щІым зэ нэхъ мыхъуми къемыпІысэжу.

А кьхъуэлъатэр кьэзэгупсысахэм ягъэунэхуну хуейт зэщІым абы и Іуэхур дауэ екъуІэнымрэ. Сыхьэт 26-ра дакъикІ 10-кІэ уэгум ита нэужь, щІым кьыщетІысэхыжам, кьхъуэлъатэм и батареехэм зэхуахьэса къаурум двигателхэр иджыри и нэхъ мащІэрауэ сыхьэти 3-кІэ ягъэпэжьэнут.

Кьхъуэлъатэр кьэзэгупсысахэм ящыщ Пикар Бертран зэрыжиІамкІэ, Швейцариемрэ конструкторхэр ильэсри 7-кІэ елэжьащ, дуней псор дыгъэм и къаруКІэ зэ хъурейуэ кьалъэтыхьын папщІэ.

Кхъуэлъатэм тет дамэм метр 63,4-рэ и кІыхьагъщ, тонн 1,6-рэ и хьэпІагъыу аращ. Абы пкъырыльщ фотогальваникэ элементу мин 12, электромотори 4 ягъэлажьэу. Зы мотор кьэс и къаурур шыуэ 10-м поув.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 10, щэбэт

◆1709 гъэм урыс дзэр, Петр Езанэр я дзэзэщІу, шведхэм Полтавэ деж щытекІуащ.

◆Юристым и дунейпсо махуэщ.

◆1918 гъэм Советхэм я V урыс-ейпсо съездэм РСФСР-м и Конституцэр - ялэ Совет Конституцэр - кьищтащ.

Бадзэуэгъуэм и 11, тхьэмахуэ

◆Дунейм щІыхуу щыпсэум и бжьыгъэ кьэхутэным и дунейпсо махуэщ. 1987 гъэм ди Щ1ым щІыхуу щыпсэум и бжьыгъэ меларди 5-м щІигъащ.

◆Японием и парламентыр хахынущ.

◆Бадзэуэгъуэм и 11 - 13-хэм Москва щызэхэтынущ 34-нэ дунейпсо налмэс конгрессыр.

Бадзэуэгъуэм и 12, блыщхьэ

◆Бадзэуэгъуэм и 12 - 30-хэм Женевэ (Швейцарие) щызэхэтынущ ООН-м цІыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкІэ и Комитетым и 39-нэ сессиер.

◆1641 гъэм астрахэн хьанэдзэм Балъкъ и деж щригъэкІуэкІа зауэм зэкІэдущ Кьундет зэшхэр - Чэлимэтрэ Елдаррэ.

Пляназэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зарифщ.**

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэдзыкІакІуэ лъапІэхэ!

Гу лъыІэдгъэтэну дыхуейщ бадзэуэгъуэм и 25 щІондэ ди газетым Іэ тевдзэмэ, ар пшыщхьэІуи и 1-м щыщІэдзауэ ныкъэрыфхуахьынум.

Мазитхум газетым и уасэщ сом 296-рэ кІэпейкІэ 75-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и почт Іуэхущ Іапі э псомии.

Ди индексыр

2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзыщыгъэ-къэзыбж и палатэм иригъэжьэкІа лэжьыгъэм теухуа отчетым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзыщыгъэ-къэзыбж и палатэм иригъэжьэкІа лэжьыгъэм теухуа отчетыр къэштэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм
мкъуэуэгъуэм и 24-м
№425-П-П

● Дзэлыкъуэ куей

Хьэкущ Іэхэр яухуэ

Дзэлыкъуэ районым гъэ еджэгъуэщІэм зыщыхуагъэхьэзыр. Псори зэхэту класс пэщу 510-рэ зэрагъэпэщыжын хуейти, адэ-анэхэмрэ еджакІуэхэмра жыджэру ядэІэпыкъуэрт, 525-р хьэзыр ящІащ.

ОРГАНИЗАЦЭХЭР, Іуэхущ Іапі эхэр бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм хуэгъэхьэзырыныкІэ районымрэ программэм хыхьэу, Малкэ кьуажэм и курыт еджапІэ №1-м и котельнэм хуабэ кьэзыт и Іэмэпсымэхэр яхъуэжьнущ, сабий гъэсапІэм папщІэ хьэку цІыкІухэм хуэдэ яухуэнущ. Светловодск жылагъуэм и сабий гъэсапІэми апхуэдэ котельнэ мыин щагъэувынущ.

ПЩЫУНЭ Эммэ.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 10, щэбэт

◆1709 гъэм урыс дзэр, Петр Езанэр я дзэзэщІу, шведхэм Полтавэ деж щытекІуащ.

◆Юристым и дунейпсо махуэщ

◆1918 гъэм Советхэм я V урыс-ейпсо съездэм РСФСР-м и Конституцэр - ялэ Совет Конституцэр - кьищтащ.

Бадзэуэгъуэм и 11, тхьэмахуэ

◆Дунейм щІыхуу щыпсэум и бжьыгъэ кьэхутэным и дунейпсо махуэщ. 1987 гъэм ди Щ1ым щІыхуу щыпсэум и бжьыгъэ меларди 5-м щІигъащ.

◆Японием и парламентыр хахынущ.

◆Бадзэуэгъуэм и 11 - 13-хэм Москва щызэхэтынущ 34-нэ дунейпсо налмэс конгрессыр.

Бадзэуэгъуэм и 12, блыщхьэ

◆Бадзэуэгъуэм и 12 - 30-хэм Женевэ (Швейцарие) щызэхэтынущ ООН-м цІыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкІэ и Комитетым и 39-нэ сессиер.

◆1641 гъэм астрахэн хьанэдзэм Балъкъ и деж щригъэкІуэкІа зауэм зэкІэдущ Кьундет зэшхэр - Чэлимэтрэ Елдаррэ.

Пляназэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зарифщ.**

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Жьым и кІапэр щІэм и напэщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Бзэм и псэр зыгъэбыдэ Апажэ Мухьэмэд

Псалъэм и мыхьэнэр

БЗЭЩІЭНЫГЪЭХЭМ я доктор, профессор, КъБКЪУ-м лъэпкыбзэхэмрэ урысыбзэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ, ЩІДАА-м, Акмеологие ЩІэныгъэхэмкІэ Академием хэт Апажэ Мухьэмэд Лэкъуемэн и кІуэр 1930 гъэм ЩІхьэлыкІуэ кІуажэм кІыщалъхуащ. Педагог аджапІэмрэ къэрал пединститутымрэ фІы дыдэу кІыуэ нэужь, Апажэр урысибзэмкІэ кафедрэм щылэжьэну кІагъэнащ. КъБКЪУ-м илъэс 50-м щІигъэкІэщ. Кандидат диссертацэр - 1965 гъэм, доктор диссертацэр - 1993-м БзэщІэныгъэхэмкІэ институтым щыпхигъэкІащ. Илъэс кІуэдкІэ Апажэр щылэжьащ хамэ къэралхэм: Чехословакием, Кубэм, Финляндиием. Мухьэмэд и Іэдакъэ кІыщІэкІащ тхыгъэ лэжьыгъэ кІуэр. Абыхэм ящыщу 30-м нэблагъэр монографие, псалъалъэ, зэрыригъаджэ пособиехэщ.

ЩІхьэхуэу гъэбеджьыпхъэщ псалъалъэхэм ятеухуауэ Апажэм бзэщІэныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэхэр. Дуней псом псалъалъэхэр сыт щыгъуэ зэмаин зэрыщагъэшыр лІэужьыгъуитІыт: университ зэрыгъэ специальнэрэ. Апажэ Мухьэмэдщ бзэм кІэлыплъхьэм ятІэ дыдэ гу лъебзыгъэтар иджыри псалъалъэ лІэужьыгъынтІ кІыэзэрыхэтэщІыпхъэм - персональнэрэ биобибливографическэрэ.

Псалъэм и мыхьэнэр щыхэпкырыка псалъалъэхэрэ нэхъапэхэм лІэужьыгъуэ 40-м нэблагъэу кІабжу щытащ. Апажэм илъэс кІуэдкІэ иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щыхьэт текъуащ а бжыгъэр зэрырэхьыбзэм, абы ещхьэм иджыри кІэхутащ лІэужьыгъуэ 18. Псори зэхэту 100 ирокъу! А Іуэху еплыкІэр дуней псом кІыщащэным иджыри илъэс 15 нІэу абы ящІэ дыдэу тетхьыхьар Апажэ Мухьэмэдщ.

ЛІы гуащІафІэм и лэжьыгъэр гулыитэншэу къэнакъым. Апажэ Мухьэмэд кІыхъуагъэфэщащ медаль зэмылІэужьыгъуэхэр, Чехословакием, Кубэм, Финляндием, СССР-м, УФ-м, КъБР-м я ЩІыхь тхылъхэр.

Мы махуэхэм илъэс 80-р зыгъэлъапІэ нэхъыжьыфІым гуапэу дохъуэхьу, дыхуейщ ар куэдрэ дяпэ итыну!

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд,
ЩІДАА-м и вице-президент, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ.

*Щ**Ы**хуэхэм я зэхъыкъІэ-зэхэтыкІэм, я гупсысэр кІыхьэрІуатэм, зэрызэгурыІуэм и лъабжьэу къокІуэкІ абыхэм кІыдальхуауэ яІуриІуэ бзэр. Псалъэм - псэр зэрытым - зэрыщІэжьым, и бжыгъэр зэрыгъэхуэм, псалъалъэр зэхэзыхьэрэ зэрыщІэм кІыгъэльагъуэ и лъэпкым и кІэухыр здвинсар. Ар кІыныхькІыр бзэр Іыхьэ-Іыхьэуэ зэхэльыи, ар зыІуриІуэ лъэпкым и гъащІэм зы мардэм иту епхащи ираш. Мис а мардэр зы щІалъэм ирихъуэжу зыхьуэфІкІа еджагъэшхуэщ Апажэ Мухьэмэд. Абы эофИха лэжьыгъэр филологие щІэныгъэхэм я лъагапІэхэм нэса кІэхъутэныгъэу кІалъытэ ди хэкуми иогъущІ къэрал куэдми я щІэныгъэхэм.*

ДЭНЭ-ТІЭ къыщежьэр щІэныгъэрІ гъэзэждэм и гъэзугр? Дауэ кІыкІуа ар? ЛІагапІэ щыщІыхьэ? Ар щІэныгъэм зыхищІэр сыт? А упщІэхэм я жэуапым дылъыхьэу дэзыхуэдгъэзащ зи илъэс 80 ныбжьыр зыгъэлъапІэ адыгэрІ щыпкъэм.

- ЩІхьэлыкІуэ адыгэ къуажэжьырщ сэ ящ лъэбакъуэ щысчар, балигъыпІэ сыщиувар. ТІэмыжыжьэу псэуащ КІыщокъуэ Алим, АбыгІэ Мухьэб сымэ, - игу къегъэкІыж Апажэ Мухьэмэд. - Абыхэм ятесха щапхъэр арагъэнщ си Іэщагъэм сыщІыдихьхар. Усэ тхыным зыщесшытан щыІащ. Уеблэмэ 1950 гъэм, педучилищэр кІыщІэзухам, «Къэбэрдей пэж» республикэ газетым кІытрадзауэ щытащ си усэ Іэрамэ. Абы кІыхьэкІыу литературэмрэ бзэщІэныгъэмрэ кІыхьэскІыур сымыщІэу сыщыгъуитІ- щхьитІаи кІыхьунхуащ. Бзэм си гур кІыхуэзыгъэушар си къуэш нэхьыжь Нэжмудинт. Ар рабфакым щеджат, школым щылажьэрт, литературэмкІэщІыкІырт, макъымэм дихьэхырт. Къуэш уиІэным хэлъ насыпыр куэдрэ зыхэсщІэну Тхъэм ихъатэкъым. Дзэм къулыкъу щищІэну ираджэри, Белоруссием и кІуэхьлІэ лъэныкъуэм щыІэу зауэ къэхъеящ, къэралым и щы гъуэгэр яхъуэмэу, ящэ нэмыцэр къызытеуагъэм яхэту хэкІуэдащ.

- Мухьэмэд, уи ІэщІагъэр кІыщІыхьэхам уи адэм кІыщІэхуащІа?..

- Си адэр революцэм и пэкІи и ужькІи мэлыкъуэ лэгъэупжьку щытащ. Абы фІыуэ кІыгурыІуэрт дригъэджэн зэрыхуейр. ИкІи и быным щІэныгъэ яригъэгъуэтын папщІэ лъэкІ кІынэнжькъым. Си гум ихуркъым мыпхуэдэ зы махуэ. Сыщеджэ институтым и щІыбагъымкІэ щы Іэнэщ ильти, абдеж тхъэмахуэ къэс хьэпшащ щащэрт. Си адэм сригъуэсу а бзэзрым дыкІуаеу, томиплІ хуэ урысыбзэ псалъалъэ дрихьэлІащ. А зэманым тхылым тумэнищІ ептныкър тыщІэкъым, ауэ си адэм абы сызэрехьэупсар, кІыэзэрыскъуэсэбэпынур кІыигурыІуэри, зы псалъи кІыхьимыгъэкІыу, кІыскъхущхъуат. Ушаков и редакцэм щІэту кІыдзкІа урысибзэ псалъалъэрат ар, иджыри кІыздсым си адэм и фэеплъу, тхылъу сиІэм я жьантІэр иныгъыу зызохъэ.

- Си диссертацэр пхыкІа щыкІэкъым, - щыжьисІэм...

- Сэ сынохъуэхъу уи хэкуэгъу Къуэныкъуэй Назир ТІыгІу и кІуэм Совет Союзым и ЛІыхъужь щІэ лъапІэр къызэрыфІащамкІэ. Мис «Правда» газетыр. 1945 гъэм, Берлин кІыщащтэм, Къуэныкъуэйм зэрихьа лІыгъэм бжыгъэр куэд мэхъу. Ауэ кІыхэгъэщІыпхъэщ филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Пушкин А.С. и щІэрзэхыхьэ УрысыбзэмкІэ къэрал институтым и къудамэм и унафэщІ Морковкин Валерий Апажэм нужьу кІыдигъэкІа «Лексикография: теория и практика. Прошлое, настоящее и будущее» жьхуиІэм теуэуа рецензиеу 2001 гъэм кІыдэкІа «Русский язык за рубежом» журналым кІытрадзар. Абы мыпхуэдэу етх: «Илъэс 35-рэхьащ Апажэ Мухьэмэд псалъалъэхэм я Іуэхуей лІэужьыгъуэхэр щызэхитакІа и къэхутэныгъэр тхылъ щхьэхуэу кІыэзэрыдигъэкІрэ. Абы нужькІэ лексикографием теуэуа къэхутэныгъэхэр мымащІэу дунейм кІытекІащ». Реценцнер зытхам Іуэщ кІегъэльагъуэ Апажэ Мухьэмэд псалъалъэхэм къахэнгъуэта бгъэдыхьэкІэм бзэхэм зауэжьынымкІэ мыхьэнэ ин зэрилэр. А гупсысэм поджэж Кіев щыщ щІэныгъэлІ Дубчинский Владимир къыдигъэкІа «Лексикография русского языка» жьхуиІэ тхылым Апажэм теуэуауэ иритхар. Псалъалъэхэм екъэлІауэ ди къэралым къэхутэныгъэ нэхъ щезыгъэкІуэкІа еджагъэшхуэу щым я щІэхэр къыреІуэ абы. Урысыбзэр джынымэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа академик Щербэ Лев и цІэм къыкІэлъокІуэ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, илъэс 50-м щІигъукІэ КъБКъУ-м щылэжьа, ЩІэныгъэхэмкІэ Дуней псо Адыгэ Академием, Акмеологие ЩІэныгъэмкІэ Академием я академик Апажэ Мухьэмэд Лэкъуемэн и кІуэр.

Бзэм и псэр зыгъэбыдэ щІэныгъэлІ гъэзэджэр урысейпсо утыкум лъэ быдэкІэ итщ, нэгъэущІ къэрал куэдми щыщІэрыІуэщ. Апхуэдэ гупсысэм къыпытщэнщ 2002 гъэм Москва къыщыдэкІа «Бзэхэр джынымкІэ дунейм пашэныгъэр щыгъыІыгъ щІэныгъэлІхэр щІэнгъуэзэм ит псалъэхэмкІэ: «Апажэ Мухьэмэд Лэкъуемэн и кІуэм къыхильхьащ псалъалъэхэмрэ щІэнгъуэзэхэмрэ зэрыкъэралытэ бгъэдыхьэкІэщІэ. Нэхьапэм щІэнгъуэзэр зы лІужьыгъуэ, псалъалъэр 55-60 фІэкІа щымыІэу къалытэу щытамэ, Апажэм кІыхутащ щІэнгъуэзэ лІэужьыгъуэ 4, псалъалъэр 300 зэрыщыІэр».

УмыгъэщІэгъуэн плъэкІыркъым нужьрей илъэситхум Апажэ Мухьэмэд и Іэдакъэ къыщІэкІа дэжьыгъэхэр я бжыгъэкІэ зэрыкъудыр, я мыхьэнкІэ зэрыинр. Абыхэм къахолыдыкІ Къумахуэ Мухьэдин и гъусэу кІыдагъэкІа «Адыгэ щІэнгъуэзэр».

Иджыпсту Мухьэмэд и узынщагъэм кІэричаеи, адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ хуэгъэпса къэхутэныгъэхэр эпигъэуркъым, и щхьэгъусэ Равидэ и дэІепыкъуэгъуэу, монографиехэр ещхьэзыр.

Равидэ Къазийх я апхъуэ, Джылахьстэнейм щыщщ. Химие щІэныгъэхэмкІэ я ящэ кандидат хъуа адыгэ бзылъхугъэщ, илъэс 40-кІэ КъБКъУ-м щригъэджащ. Хъуэпсэгъуэщ Мухьэмэдрэ Равидэрэ я унагъуэр. ЩІэныгъэ хуэгъэ хабзэ дахэрэ ильщ абы. Ахэр нэхьри зыгъэщІэращІэр я къуэрылхъу-пхъурылхъухэщ. Гур хэзыгъахьуэ теплъэгъуэщ ахэр дадэрэ нанэрэ къепщІэкІауэ пльагъэщ. ПльэмыкІыуи уогупсыс: сыту насыпыщхъуэ апхуэдэ лъагапІэм удэкІауэ илъэс 80-р къебгъэлбэгъэну!

БЖЭНЫКТЭ Мухьэб,
КъБР-м и лІыхъужь зиІэ и журналист, филологие щІэныгъэхэм я кандидат.



Болгарием и Лъэпкъ ЛІыхъужь Димов Димэрэ Апажэ Мухьэмэдрэ. *1979 гъэ.*

Зи жыІэр тІу ямыщІ

МУХЬЭМЭД зи жыІэр тІу ямыщІ, зи псалъэм къару щІэпсыкІ егъэджакІуэщ. Абы и Іуэху еплыкІэм мыхьэнэшхуэ иІэщ къыщІэзакъэхэми иригъаджэхэми я дежьІэ.

Мухьэмэд зэрыщІэныгъэлІ щэджащэм нэмыщІ, цІыхугъэ, хьэл-щэн дахэ хэлъщ, лэжьакІуэ псэемыблэжщ. Абы и сыт хуэдэ тхыгъэми тхылъми адэкІэ пхуэшщІын гупсысэщІэ гуэр Іэмал имыІэу хэплъэгъэнущ. Сыт хуэдизкІэ щІэныгъэр ипэкІэ мыкІуэтами, Апажэм и къэхутэныгъэхэм я мыхьэнэр мыкІуэдынщ, къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и тхыдэм и зы Іыхьэ нэхъыщхьэу аэр щытынущ.

Апажэ Мухьэмэд жыджэру ядолажьэ стратегиемкІэ, студентхэм: чэнджэщэгъу яхуохьу, кІыхьаа я Іэщагъэм трегъэгушхуэ, и гухэкІыжхэмкІэ ядогуашэ, гъуэгу тэмэм трегъэвэз, езым лэжьыгъэм, щІэныгъэм хуиІэ лъагъэныгъэмкІэ псори зэущІегъэуІуэ.

КІУЭКІУЭ Тамарэ,
филологие щІэныгъэхэм я кандидат.

Гулъытэ

ИЛЪЭС 40-м щІигъуащ Апажэ Мухьэмэд зэрыщІыхурэ. Апажэр сэ ящ щысльэгъэщ гъэ ежьэгъуэм и пэщІэдзэ зы махуэущ. ФІы дыдэу сощІэж: гъубж пщэдджыжьт, сыхьэти 8 хьуат. ЕджапІэ пэшым къыщІыхьащ щІалэщІэ зэкІуж. Абы зыкъыдигъэщІыхурэ, ди щІэныгъэр зыхуэдэр наІуэ къыщІын папщІэ, диктант дигъэтхащ. ГугъУ дыдэт а диктантыр, урысыбзэкІэ гугъуехьыныщу тхэфхэри Іэнкун ищІу.

Апхуэдизи илъэс блэкІам, дауи, тщыгъупщэжащ хэт щыуагъэ дапщэ а тхыгъэм хищІыхьами. Ауэ гукъинэж сщыхъуар абы иужькІэ ди егъэджакІуэ Апажэм гулъытэ лей кІыхъуищІ, и нэІэ къыстригъэт зэрыхъуарт. Си фІыщІэ хэлъу къыщІэкІынтэкъым абы - апажэр езыр цІыхуу гуапэу арат.

Ящэ курсым дыщІэсу зэгуэрым ар си столым ныбгъэдыхьэри, дэнэ кхуажэ сыщеджами къызэупщІащ. ЩІыжесІэм, «А, Аушыджэри? Уэ пщІэуэ пІэрэ фи къуажэм и цІэр къызытекІам теухуауэ Нэгумэ Шорэ итхар?» Ди жьлэм щІыпсэу нэхъыжьхэм кІыІуэтэжу зэхэсхар жесІащ егъэджакІуэм. ФІэгъэщІэгъуэну къызэдалуэри, Мухьэмэд къызэлъІуащ а Іуэху еплыкІэхэр къызэщІэскъуэу стхыну. ИкІи жьлпІэ хьунут ІуэрыІуатэ зэхуэхьэсыным и Іыгъэуэ абы щыгъуэ стхыхьауэ. ЩІэныгъэр Іэпэгъу схуэхьуа нэужь, Кавказ Ищъхьэрэри КъуэкІыпІэ Гъэнэгъуэри къызэхэскІухьыну къысхуихуащ, тхылъ зыбжанэ, тхыгъэ кІэщІу щэбжыгъэр стхащ абы пльандэр. Ауэ зэи сщыгъупщэркъым си апэ лъэбакъуэр, егъэджакІуэм сигъэгушхуэу сигъэчар.

ЛЪАБЖЬЭ

- КъызыхуигъэщІар араш, жаІэу щІэныгъэм лъагъуэ ихрыпщыщу гуугъуш. БзэщІэныгъэм удихьэхыныр, урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ щхьэхуэ-щхьэхуэу икІи зэбгъанщуу бжьынар къыгъэрыщІыбдзам ухъуныгъуэкІэ!

- БлэкІа ЛІэщІыгъуэм и 50 гъэхэм ди къэралым щекІуэкІащ бзэм елэжь щІэныгъэлІхэм я зэдауэ ин. Абы и гугъу щащІырт лъэпкъ щыкІуэм я бзэхэм геуэуа Іуэхумэ. Абыхэм я зыужьыкІэм, я къэкІуэнур зыхуэдэм, я зэхущытыкІэм, урысыбзэр сэбэп къаэрыхуэхьум, нэгъэущІэкъэм тепсэлъыхьырт щІэныгъэлІхэр. ИкъуэкІэ сфІэгъэщІэгъуэну сыкІэхъэлъыплъырт а псом. КъаІэта Іуэхугъуэхэм сапзджэжу, зыгуэр стхарэт жысІэрт. Апхуэдэ гукъыдэжкІэ щысщІэж интитутым урысыбзэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ Ведерников Николай къызита чэнджэщмрэ зэтехуащ. ИкІи нужьрей зэманым къыриубыдэу адыгэбзэм зэрызиужьам, абы и лъэныкъуэкІэ урысыбзэм иІа къаІэным теухуауэ семинарым сыкъыщыпсэльэну зэрыфІэкІабылыр къызжиІащ. Мис абы щыгъуэ ящэ докладыр стхащ. Ауэрэ бзэщІэныгъэм къызит гукъыдджам хэхъуащ, а докладыр зи лъабжьэ курс лэжьыгъэ, итІанэ диплом лэжьыгъэ згъэхъызыращ. Сытрагъэгушхуэри, кандидат диссертацэм зеслыштащ...

- Урыс псалъэхэр адыгэбзэм кІыэзэрыхьыхар нэрылъагъуэ, ауэ ди бзэм щыщу урысхэм къащтаІауэ щапхъэ щыІэ?

- Нэхъ кІасу тхыбзэ зэзыгъэгъуэта лъэпкъ мащІэхэм я бзэм щыщ псалъэхэр урысыбзэм зэрыкъыхьар, дауи, нэхъ мащІэущ. Урысыбзэр лъэныкъуэ зыбжанэкІэ (фонетикэкІэ, лексикэкІэ, псалъэр кІызэрыунэхумкІэ) адыгэбзэм кІыыбгъдохьэ. КІыхъэгъэщынхэщ адыгэ псалъэу ноБрей бзэм зэрыщ

И зэфIэкI лъагэр 80

Щхьэл мывэхэр зыпэмылъэщ купщIэ

«Псалъалъэхэр фIыуэ имыльагъуу, ахэр махуэ кьэс кьимыгъэсэбэщу егъэджакIуэ, бзэщIэныгъэлI щыIэн хуейуэ си акъыл кьитIасэркъым...».

Кулиев Къайсын и гъусэу Налшык дэт 9-нэ курыт школым щытрахащ. *1971 гъэ.*

МУХЬЭМЭД зымащIэ нэхъ мыхъуми зыцIыху дэтхэнэри пыгуфIыкIынщ. Апажэм зэгуэр итха мы псалъэхэм кьеджа нэужь. Сыту зэпхьышIэ Апажэ Мухьэмэдрэ и псалъалъэхэмрэ? Ахэр зэрыIыгъыу кьыхьыащ Мухьэмэд иригъэджахэм я гъащIэм, гукъэкIыжу кьахэуращ бзэщIэныгъэр Iэщыбг ящIу нэгъуэщI Iэщыгъэм зезытыжа гъэсэнхэми.

Иджырей урысыбзэм и фонетикэмрэ лексикэмрэ дипIэзджыну кьытхэуIуа лIы бжьыфIэр дэ нэхъ «ди благъэу» кьытщыхъурти, дригушхуэрт (ар ди курсэгъу щIалэ цIыкIум и адэт). Мухьэмэд и лекцэ зы-тIу дедэIуа нэужь, жьIэщIагъэкIэ дызэпеуэ хуэдэ, тхылъ щащэ тыкуэным дызэрыхьат. Абы епха хьыбар гуэр щысIуэтэжым, Мухьэмэд апэ щыIкIэ кьыщIоудэIу, итIанэ и набдзэ кIырхэр хольэтри, макъкIэ мэдыхьэшх.

...ФокIадэ мазэм и IутIыжщ, къэблэгъа пIалъэр зыхиIца щыкIэу, зыхьыжьа дыгъэр зимыгъэнщIу мэдэхащIэ. Ар щIэщ сезыгъэблэгъа щIэныгъэлIым и пажьэ. Мадинэ пэщIыж. Зыми зихъужьа хуэдизкIэ щысIуэ щыслъэгъуа фокIадэм лъандэрэ. Абы щыгъуи хуэдэу, зэгъэзэхуэпащ лъагэу дэщIея тхылъ телъхьапIэхэр, ткIийуэ зы сатыр итхъам тет хуэдэщ тхылъхэр, сызихьэщIэ лIы кьамыльфэри абы щыгъуи хуэдэу экIужщ. Ауэ зыгуэр кьахуэт нэхьей, а псори нэщхьеIуэ -а зыгуэрым- поплъэ. КъысфIэщIу щытами сыт хьунт а нэщхьеягъуэр, хьэ, къэгупсыса гуэрри хэмыльэу, щхьэусыгъуэ Iупщ иIэщ сигу щIэгъум...

«Апажэр 1930 гъэм Щхьэлыкъуэ кьыщалъхуащ» щыжаIэкIэ, си гупсысэр а лъэхъэнэм ирохъэ. Зэманым кьыхъокIуэт лъэпкъ тхыдэм, тхыбзэм, литературэм куэд хэзыльхьахэу КIыщокъуэ Алим, АбытIэ Мухьэб. ГъащIэм лъэужь екIу ныхъэзына щхьэлыкIуэ щIалэ щэджащэхэм яхуэгъэзауэ езы Апажэ Мухьэмэд жеIэ: «А зэманым Къэбэрдеим зы щIалэ (щIэныгъэм зезытахэрщ жьыхэсIэр) исакъым КIыщокъуэмрэ АбытIэмрэ дэмыпльеIуэу. А тIур гуаазэт, гъуэгурыкIуэгъуэт, а тIур икIи си жьыгъэм кьыщалъхуат. Насыщ апхуэдэ адыгэлIхэм пIалъэ кIэщIкIэ нэхъ мыхъуми уапэгъунэгъуныр».

Апажэм ущедаIуэкIэ, умыгъэщIэгъуэн пльэкIыркъым; дэнэ мы лIы балигъым, зи зэманыр сыт щыгъуи зэпэубыдарэ зи кьалэнхэр гъунэжьм, апхуэдизэ фIэщхъуныгъэм тригъэкIуэдэн гуащIэ кьыздрихьыр?! Зи гуугъу сщIыр нэгъуэщI щыхуэхэм яхуиIэ фIэщхъуныгъэрщ. А «нэгъуэщIэмыбы и дежкIэ зэн хамэ хъунукъым. Мухьэмэд и гур зэрыуухар ахэр щыIыпамэ, езыри и щIэныгъэри щымыIэн хуэдэущ.

Апажэм и Iуэху зехьэкIэм ауи кьъезэгъыныкъым IэхъуэгъэтегъэкI. Ар сыт и лъэныкъуэкIи утемыкIыпгъэ узэрыгушхуэн щыхуэ пэжщ. Ауэ апхуэдизу зи щхьэ хуэткIинж нэхъыжьым нэхъыщIэхэм я пщIэрэ нэмысрэ кьызэрилэжьар ткIийагъкъым, атIэ Iулыдж, щабагъэ, узыIэпэызышэ щыхуэ щыкIэрэ щэн дахэкIэщ.

Университетым зэрыщылажьэ илъэсхэм Мухьэмэд и нэгу щIэкIащ иджыпсту зэрыгушхуэжхэри и кьымыгъэкIыжмэ нэхъ тэмэму кьыкIыпхьыхьэри. ЕтIуанэм тхуауэ упщIэ щепткIэ, абы жеIэ: «КъхьIэ, дыхуейкъым абы, зэманым зэхигъэкIащ псори. ИтIанэ политикэ Iуэхум епха кьэхъукъащIэхэр хуабжьу си жагъуэщ».

Пэжри кьыщIэкIынщ егъэджакIуэм и бгъэдыхьэкIэр. Сыт хуэдэ лъакIуэтэщIдэ кьыхуамышIами, зэхэтэкIыпIэ щихуэхэм ар пщIэрэ щхьэрэ иIэу гугъуехь псоми пэлъэщащ.

АПАЖЭМи унагъуэри дахэщ, езым хуэфащэкIыну. И щхьэгъусэ Равидзрэ езымрэ щIалитIрэ зы хьыджбзэрэ иIэт... ЩIалэ нэхъыжь Тимур инженерщ, Мадинэ щIыпIм. Зыми зихъуж

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Псалъэжьхэр

Фалъэм имыт икIутрэ?

◆Уи щхьэ зи жагъуэм уи цIэ фIэIейщ.
◆Фадафэ чэфыжьыпкъэщ.
◆Фалъэм имыт икIутрэ?
◆Щыхуфи и тIыскIэ хъэзырщ.
◆Шы зиIэр къанэри, уанэ зиIэр кIуащ.
◆ЩIакIуэр губгъуэ унэщ.

Педрабфакым и зы лъэхъэнэ

● Жыжьэ - гъунэгъу

1938 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм Темырсыан Хьэту Къэбардей-Балькъэр педрабфакым и унафэщу ягъэуващ. Къэбэрдей-Балькъэр педрабфакыр 1931 гъэм кьызэIуахащ, абы ныбжьыщIэхэр еджапIэ нэхьыщхьэхэм зэрыщIэтыдсхьэным щыхьэзыр Т. Аз-маным педрабфакыр Псыхуабэ дэтащ. 1935 гъэм ари педучилищэри Налшык километри 3-кIэ пэжыжьэ Затишье хьэблэм кьыщIрагъэжьа еджапIэ унэм кьагъэзэпхъуэжащ.

Педрабфакым илъэс 17-м щыщIадзауэ илъэс 30-м ит щалэгъуалэр кьыщIэрт нкIи абы илъэсищкIэ щрагъадж эрт. Ар курыт школым и программэм тету лажьэрти, урысыбзэ, адыгэбзэ, балькъэрыбзэ, нэмыцIэбзэ, литературэ, тхыдэ, географие, математикэ, естествознание, физикэ, химие, черчение, физк ультурэ предметхэр щаджырт, апхуэдизуи зау э Iуэжуэмки щыхуягъаэсрт.

1938 гъэм педрабфакым егъэджакIуэу 24-рэ щылажьэрт, абы щыщу 14-м щэныгъэ нэ хъыщхьэ яIэт. Лэжьыгъэр кьэзыплъхьэ Iуэхугъуэхэм щыщт зэрырагъэджэну тхыльхэр иригъкуу зэрамыIэр, я пэшхэр тэмэму кьыззэрыззэмыгъэпэщар.

1937 гъэм Псыхуабэ кьрагъэIэпхъуакIыжри, педрабфакымрэ педучилищэмрэ зэщIжри унэ ныкьуэщым кьагъэкIуат егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр институтыр. Апхуэдэ щыкIэкIэ щыху 500-м тращIыхьу яхуэа унэм щыху 1700-рэ щIэх хьу ар. Дауи, гурыIуэгъу эт нэху зыхуеят хуэзэу кьызэрамыгъэпэща унэм апхуэдиз щыхум я Iуэху тэмэму зэрыщыдэмыкIыр. Апхуэдэу щытми, педрабфакым и цIэр фIыкIэ Iуат, абы щэтIысхьэну хуейхэм я бжыгъэр кIуэ пэ тми нэхъыбэ хьурт. Псалъэм папщIэ, 1938 гъэм а е джапIэм кьыщтэн хуеяр щыхъ уи 150-рэт, ауэ лъэIу тхэлъхэр щалъхьат ныбжьыщIэ 380-м икIи абы щыщу 350-р зэрыщIэтIысхьэ экзаменхэм хьарзынэу пэлъэщат.

Абы теухуауэ педрабфакым егъэджэныгъэ Iуэхуэр кьызэрыгъэпэщ и кьудамэм и унафэщI Гончаровэ С. мыпхуэдэу итхьажауэ щытащ: «Мы гъэм еджапIэм кьыщIэтIысхьэну хуейхэм еджэным гукъыдэжыщхуэ зэрых уяIэр икIи абы фIыуэ зэрехьулIэнур кьагъэлъэгъуащ абыхэм кьапэщылъа гъунэхэуныгъэм зэрыпэлъэщам. Экзаменхэр фIыуэ зыта псоми хэплъэжри, щыхуи 154-рэ кьыхахащ. Абы щыщу 85-р адыгэщ, 17-р балькъэрщ, 40-р урысщ, 12-р нэгъуэщI лъэпкъхэм кьахэкIащ. Псори зэхэту 1938-1939 гъэ еджэгъуэм педрабфакым щыху 500 щеджэнущ».

Арщхьэкlэ Iуэхуэр тэмэму кьыззэрагъэпэщыным сыт хуэдизу емылIэламэ щыри кьыкIакъым. Абы и лъэныкъуэкIэ щыIэ щхьэусыгъуэхэр кьыщагъэлъэгъуащ рабфакым и зи чэзу педсоветым. Къэпсэлъахэм кьызэрыхагъэщамкIэ, ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ тэмэм егъэпсэутыныжкIэ зэран мэхъу классхэр, унэпсыщIэхэр, нэрылъагъу Iэмэпсымэхэр эрахъуримыкъыр. Зэйущам и кIэухым еджапIэм и унафэщIм еIуэ зыгъэзгумэщIыр утыку кьрихьащ: «Дэ гъэ еджэгъуэщIэм дыхуэмыхьэзыру кьыщIэкIащ. ЕджапIэ унэр ныкьуэщIу кьэнащ, абыкIэ кьуанщэщ Наркомпросри райснабри. Iуэхур и кIэм кьэзыгъэсын хуейхэм ар Iэпэдзгъэлал ящIащ, мылькур зыдогъэзахуэ жэIуэрэ, ар зэбгралъэфыжащ. Дэ зыгъэр тщIэнумэ, ахьшэ диIэкъым... Ауэ, дауэ мыхъумэ, еджакIуэхэм щIэныгъэ еттын хуейщ, еджэным дедгъэхьэхьэн папщIэ Iэмал зэхуэмыдэхэр кьэдгъэсэбэпныхьэщ».

Арщхьэкlэ Iуэхуэм нэгъуэщI хэкIыпIэ кьыхуамыгъэтхьру, 1938 гъэм фокIадзэм и 25-м еджапIэм кьыхфIадзащ: «ПысыпIэхэр зэрыгъхуримыкъым кьыхэкIыу мы махуэм щыщIэдзауэ мыпхуэдэ студентхэр рабфакым щIэгъэжIыжын», - жиIэу зэрыт упафэ. Iэ зэманыр кьэмысауэ. Гъэ еджэгъуэм гъэуфыжка кьыхфIадзащ: «Пысыпхуэ зэрымыхъуар абыи куэдкIэ и эзранщ.

1938-м щэкIуэгъуэм и 14-м Темыркъан Хьэту педрабфакым и унафэщI кьулыкъур щхьэщахащ.

ТЮТЮНИНЭ Евгение.



Адыгэ усакIуэшхуэм и фэеплъ сын Бахьсэн кьалэм дэтщ.

● Щоджэнцыкlу Алий илъэси 110-рэ ирокъу

● Гупсысэр - псалъэкIэ

Бзу гъуабжэ

Пэмахуэм кьуалэбзур апхуэдизкIэ куэдщи, бзу гъуабжэм гу лъыптэхээркъым. Сытым щыщ ар? Тепльэнщэщ, макъ дахэ иIэу жыпIэнкъым. Пэжщ, кьуейщIей гуэрщ, пцIащхьуэжэм куэдрэ ящохьэ. Ауэ, сыту мыхъуами, абы гъэмахуэм гу лыитэркъым.

Щымахуэм Iуэкур нэгъуэщIщ. Махуэ псом уолъагъу ар. ЩIыIэщ. Уэсыр лъэту щIагъым «щогыз». Ауэ - мес бзу гъуабжэр. Бомкlэ къоуку абы и макъыр. ЗанщIэуи гъэмахуэр унгу къегъэкIыж.

Бзу гъуабжэжь щыкIу, кьуейщIей! У и макъри дэгъуэкъым, езыри уфэщIэщ. Сыт атIэ сэ фIыуэ ущIэслъагъур?

Уэ зэи дыббгынэркъым. Уи хэкур хьифIэбдзэу уежьэжыркъым. Жъытхуэпэжщ.

КЪАГЫРМЭС Борис.

● ЦIыкIухэм папщIэ

Жэщгъуэль

Дадэ сыхигъэльщ и гупэ -
Ар сэ си жэщгъуэльщ.
Зэрызэхуэхуэу пшапэр,
ЦIхьэгъубжэм сыдопIь.

«Мес, - жызоIэ, - уафэм,
дадэ,
Вагъуэр из къэхьуащ.
Дзыгъуэнэфхэрри эольатэ...
ГъуэпыжыкIыгъуэ хъуащ.

Мес, ди кIуци тесщ пIэ
льапэм,
Пырхьыу жеижащ.
Мэхъыжьщи, гъуэль уэ сяпэ,
Ди пIэр ящIыжащ»...

Дадэ пIэр схуигъэхуэбэнущ
Сэ зыстIэщIыжьыж у.
Таурыхъ Iэджэ
кьызжиIэнущ,
Жейм сыхилъэфэхуу.

Псыхъуэгуащэ

Псыхъуэгуащэ,
Псыхъуэгуащэ,
Уэ ущыIэр пэж?
Удмыльагъуу
Зыдгъэпскlауэ
Дэ эыдохэупэж.
Пэж уи щхьэщыр
кIыхьыр?
Уи пкыр бдзэжьейм
ещхьыр?

Таурыхъэм
Уи хьыбархэр
Дахэу яIуэтэж.
Тхьэгъуэ
Псыхъуэгуащэ,
Псыхэм я пащтыхь,
Щы, тенджьэхэр
ГъэIурыщIи,
ЩIамылъафэу кхъухь!

МЭЭ Iэниуар.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** Жыг лIэужьыгъуэ. **2.** Адыгэу минипщI бжыгъэхэр щыпсэу хьэрыпкъэралым и кьалащхьэ. **5.** ПалъэкIи кьащIэ я гуэр. **11.** Машинэм, щыгум, льакъуэрыгъажэм я зы Iыхь. **12.** «... и щIагъ нанэ щыIэжьымэ». **13.** Щыр зэрагъэIэсэ кIапсэщхуэ. **14.** Нартыху гъэлыгъуэ хьэжьигъэ. **15.** Брыскъы гуэрым кьыгуагъэжа е кьыгуаха Iыхь. **16.** Сосрыкъуэ, Бэдынокъуэ сымэ кьызыхэкIа лъэпкъыр. **20.** Зиусхьэн лъэпкъ. **21.** Ахъшэ жьгъыей. **22.** Уэрэфрыжь и фыгъэкIэ хьэщэщэ зэрыIуахыу нартхэм кьагупсыса Iэмэпсымэ. **23.** ... псэхэлъхьэжщ. **26.** Кьэбэрдей адыгэ тхакIэ. **27.** Нохьапэм адыгэм я унащхьэр зэрагъэбыдэу щыта. **28.** Жыгхэр зи псэупIэ псэущхьэ кIэ баринэ. **33.** ЩIалэм сыщещхьыдэм ... зищIыжащ. **35.** Щоджэнцыкlу Алий и поэмэ. **36.** Нарт лIыхьжь Щуей и адэр. **37.** «Ерэхьурэ ... щыIэу, уи ней кьысщыхуэ». **38.** Бжьэхуцым кьыхэщIыкIа щэкI Iув лъэпкъ. **41.** Псэущхьэ хьилэшы. **46.** Тэрч куейм щыпсэу мэкъумэшыщIэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхьжь. **47.** Унагъуэ псэущхьэ щабэрыкIуэ. **50.** Зи нэхэр кууэу ис. **52.** Пщыхьэщхьэ нэмэз. **53.** Тэрч районым щыщ къуажэ. **55.** Быдым щIэжьей. **56.** Нартхэм я фадэр кьызыхаца Iыкlыу щыта пхьэщхьэмыщхьэ. **57.** Мэжджытым иIэщ ... джапIэ. **59.** Сымаджэм ахъшэхуэ трегъэкIуадэри кьещхэу, ар зыщIхэм, зыщэжэм мыпкъуфI зэрагъэпщэ. **60.** Пэжи щIыпI, щIыхуэ щIыкIур а псэущхьэм дыкьыгтехьуКIауэ жаIэ. **62.** ЩIыхь ин лъэпкъ. ЩIыхукъуруфIэм щхьэкIи апхуэдэу жаIэ. **64** Зыкъом, зыбжанэ. **65.** Чы псыгъуэм кьыхэщIыкIа, ерыскъы, хьэпщIи кьызэрыкъхьэжIыу щыта. **66.** ГъущIым щепжжкIэ зыт-раубыд. **67.** Пхъэ е абджь ... **68.** Iэщ.

Бжьхуэ: **1.** « ... дзыусщ». **3.** ЩIыпIэ хуабэхэм /Азие Курытым/ хьэпльэхьэу щыIэ псэущхьэ пIащэ. **4.** Кьамыл щабэ зэIущ. **6.** Адыгэш кьабзэ. **7.** Арщыдан щыпсэуа гъавэгъэжI. Социалист Лэжьыгъэм и Лыхьжь. **8.** Мэкъумыцэ я фадэр кьызыхаца Iыкlыу щыта пхьэщхьэмыщхьэ. **57.** Мэжджытым иIэщ ... джапIэ. **59.** Сымаджэм ахъшэхуэ трегъэкIуадэри кьещхэу, ар зыщIхэм, зыщэжэм мыпкъуфI зэрагъэпщэ. **60.** Пэжи щIыпI, щIыхуэ щIыкIур а псэущхьэм дыкьыгтехьуКIауэ жаIэ. **62.** ЩIыхь ин лъэпкъ. ЩIыхукъуруфIэм щхьэкIи апхуэдэу жаIэ. **64** Зыкъом, зыбжанэ. **65.** Чы псыгъуэм кьыхэщIыкIа, ерыскъы, хьэпщIи кьызэрыкъхьэжIыу щыта. **66.** ГъущIым щепжжкIэ зыт-раубыд. **67.** Пхъэ е абджь ... **68.** Iэщ.

Бжьхуэ: **1.** « ... дзыусщ». **3.** ЩIыпIэ хуабэхэм /Азие Курытым/ хьэпльэхьэу щыIэ псэущхьэ пIащэ. **4.** Кьамыл щабэ зэIущ. **6.** Адыгэш кьабзэ. **7.** Гъатхэм пасэу кьэгъагъэ удз щакъафэ-кьащхьуафэ щыкIу. **42.** Адыгэ таурыкъэм уэщIрихэлIэ щIыхубз хьилэшы. **43.** Iэщмэжджам и... макъ. **44.** « ... лъэпкъыр - Теуэн Хьэчим и роман. **45.** Кьэбэрдейр Урысейм дамэгъу зэрыуэхъуар зи фIыщIэ адыгэпщ. Абы и цIэр Налшык и къэгъэлъагъуэ. **47.** Кьэрбэным и зы пычыгъэу. **18.** Гуэгушыхъым, кьазыхъым я бгъэм тришIэщ. **19.** Дин лэжьакIуэ. **24.** « ... Мурат» адыгэ уэрэдыжь. **25.** Абы мэжаджэкIи, чыржынкIи, хьэтыкъкIи йоджэ. **27.** ШIэщ. **29.** Бдзэжьей зэрещэ. **30.** ЗэрышагъащIэхэм я пэш. **31** ЩIхьэусыгъуэ гуэркIэ жыпхэм дэкIаУэ зыгъэгъэпщкIуэу щыта зэреджэ. **32.** НэгъуэщI унагъуэ губжьауэ щIэльадэу иращIлI э кьаугъэ. **34.** «Уеплъмэ ..., уеджамэ, дгуэ». **36.** Хадзэхкlэ. **39.** ГъукIэ Iэмэпсымэ. **40.** Гъатхэм пасэу кьэгъагъэ удз щакъафэ-кьащхьуафэ щыкIу. **42.** Адыгэ таурыкъэм уэщIрихэлIэ щIыхубз хьилэшы. **43.** Iэщмэжджам и... макъ. **44.** « ... лъэпкъыр - Теуэн Хьэчим и роман. **45.** Кьэбэрдейр Урысейм дамэгъу зэрыуэхъуар зи фIыщIэ адыгэпщ. Абы и цIэр Налшык и къэгъэлъагъуэ. **47.** КъурIэным и зы пычыгъэу. **18.** Гуэгушыхъым, кьазыхъым я бгъэм тришIэщ. **19.** Дин лэжьакIуэ. **24.** « ... Мурат» адыгэ уэрэдыжь. **25.** Абы мэжаджэкIи, чыржынкIи, хьэтыкъкIи йоджэ. **27.** ШIэщ. **29.** Бдзэжьей зэрещэ. **30.** ЗэрышагъащIэхэм я пэш. **31** ЩIхьэусыгъуэ гуэркIэ жыпхэм дэкIаУэ зыгъэгъэпщкIуэу щыта зэреджэ. **32.** НэгъуэщI унагъуэ губжьауэ щIэльадэу иращIлI э кьаугъэ. **34.** «Уеплъмэ ..., уеджамэ, дгуэ». **36.** Хадзэхкlэ. **39.** ГъукIэ Iэмэпсымэ. **40.** Гъатхэм пасэу кьэгъагъэ удз щакъафэ-кьащхьуафэ щыкIу. **42.** Адыгэ таурыкъэм уэщIрихэлIэ щIыхубз хьилэшы. **43.** Iэщмэжджам и... макъ. **44.** « ... лъэпкъыр - Теуэн Хьэчим и роман. **45.** Кьэбэрдейр Урысейм дамэгъу зэрыуэхъуар зи фIыщIэ адыгэпщ. Абы и цIэр Налшык и къэгъэлъагъуэ. **47.** КъурIэным и зы пычыгъэу. **18.** Гуэгушыхъым, кьазыхъым я бгъэм тришIэщ. **19.** Дин лэжьакIуэ. **24.** « ... Мурат» адыгэ уэрэдыжь. **25.** Абы мэжаджэкIи, чыржынкIи, хьэтыкъкIи йоджэ. **27.** ШIэщ. **29.** Бдзэжьей зэрещэ. **30.** ЗэрышагъащIэхэм я пэш. **31** ЩIхьэусыгъуэ гуэркIэ жыпхэм дэкIаУэ зыгъэгъэпщкIуэу щыта зэреджэ. **32.** НэгъуэщI



ЗэхэзылъхьарМЫЗ Ахьмэдщ.

● Нэщэнэхэр

Уи пащхьэр къежэхмэ...

■Сабийр хущхьэрей хъуамэ, нэ телъщ.
■Уафэр и мычэзууэ гъуэгуэмэ фIыкIым, мэкъумэшыр щэджэладжэ мэхъу жаIэрт.
■Уэгъуэ и деж фызыжьхэм «псыхэлъафэ» ящIт, уэшх кърагъэшхын я гугъэу.
■Уи напэр шхэмэ, угъынущ жаIэрт.
■Уи пащхьэр къежэхмэ, хьэщIэ къокIуэ.
■Хъыджэбз къалъхуамэ, къыпцIей е пхъэгулъей хуагъэтIыст.

ЖыIапхъэхэр

ЖаIар жиIэжмэ зыгуэр жиIауэ и гугъэжщ. Хьэл зырыз зимыIэ щыIэ сытми?!

ЖыIапхъэр зыхужьмыIэм «жыIэргъуэхэр» (жаIагъэжьыр), усакIуэшхуэм гу зэрыльитащи, Щам и бжьхьу ирехуэкI.

Хьэр псафэ схуишат, ауэ кьэсхуищэжакъым.

ЩхьэрэкIыкIуми хьэлъэщи, абы удэкIуэтэнт, щхьэщхуэ-щхьэнэщIыр, псынщIабзэщи, ар - узижагъуэнщ.

ГЪЭУНЭ Борис.

● Гъущыпхэр

Узышхуэ пкърытщ

Кьэзэнокъуэуей кьикIа и ныбжьэгъур и гъусэу Дизыкуэжэ тыкуэнымк щыIэ ныбжьыхащ. Зыщ1ыхьам и тет цIыхубзым куэдрэ еплъа нэужь:

- Сыту гъурыIуэ мы фи тыкуэнтетыр. И гуащэр бзаджэ дыдэу ара е и щхьэгъусэр мыкъумащIэ гуэр? - щIэупщIащ зыхащIэр.

- Уэлэхи, гуащэ имыIэжхэ, и щхьэгъусэри мыIей дыдэ, ауэ езым узышхуэ пкърытщ.

- Сыт гуэ пIэрэ-тIэ ар апхуэдизу зыгъэгъур?

- Тыкуэным къашэ псори и унэм зэримыхыхыфырщ а цIыхубз плъагъур зыгъэгъур, - жиIащ Дизыкуэжэ.

Куэбжэ закъуэкIэ зэфIэкIрэ?

- Мы кьуажэм зы унагъуэ дэсхьым дэр фIэкIа зи щIэнтIэ куэбжэ хэмыть, - жиIэурэ Хьэужэ и фызыр махуэ кьэс кьехъурджажэти, фызым и хъущIэныр игъэувыIэн щхьэкIэ, мэз кIуащ.

Абы чырэ бжэгъуу кьрихам зы набжэ кьыхущIыкIри, куэбжэ игъэуващ. Ар зэрильагъуу фызыр къэуващ:

- Мыр сыт, на-а, куэбжэ закъуэкIэ зэфIэкIрэ, ди хадэм, ихъуреягъкIэ мыгъэбыдэщи, хьэблэ Iэщыр итщ, ар кьэхухьыи хуейщ, - жиIэри.

- Куэбжэ, гуэбжэ жыпIэурэ псэугъуэ кьызэптыртэкъыми, куэбжэ хэслъхьащ, кьэнаIамэ, уэ уи Iуэхущ, - гъумэтIыжмэурэ дэкIащ Хьэужэ.

ЖЫЛАУ Нурбий.

НапэкlуэцIыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэщ.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщIэт, мэлыл хэлъу

Мэлылыр зэпаупщI е эпаудтыкъыр цIыкIуурэ, г 50-60 и хьэлъагъыу. Псы щIыIэкIэ яткъэщIри, щыуаныи ираугъэхьэ. Псы щIыIэ щIакIэ, зэ зэIащIэри, мафIэ иным тету кьытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр кьытрахыурэ. ИтIанэ мафIэр ирашэхри, щыуаныщхьэр тепIауэ лыр ныкъуэкфI хьуху ягъавэ, тхъурымбэр кьытрахыурэ. Абы халъхьэ пхъы укъэбза, щимэ цIыкIуурэ упщIэтауэ, бжьныкъ, щыгъуэр щыбжийрэ хадзэри зэIащIэ. Щыуаныщхьэр трапIэж, мафIэр щыкIу ящIри, кьэзыр хьуху ягъавэ. Щыуаныр хьэкум кьытрахыж, джэдгъын хагъэщащэри щыуаныщхьэр трапIэри, дакъикъитху-кьыкIэ щагъэт нэхъ мэ дахэ кьищIэн щхьэкIэ. Iэнэм щытрагъэувэкIэ дэпсри лыри зэрызэщIэлъу щалъэ куэм иракIэ. Пщтыру ираф, пIастэ щIыIэ е щIакхъуэ, хьэлIамэ, чыржын дашх.

Халъхьэхэр (цIыхуитI ныкъо): мэлылу - г 600, лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 1200, пхъы хьэгбжуэ - г 100, щыгъуэ, щыбжийуэ, джэдгъыну, бжьныкъуэ щыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым кьытхужащ.

● Си хъуреягъкIэ

Зэрымыадыгэм сыщыгуфIыкIащ

Абы хуащIа Iэдэ щыкIукIэ и набдзэтIыр егупъуу трифыщIыкIщ кьабзэуи, езыр зэрыхуэтIыдэм хуэдизу кьэрэнэдащ фIыщIэжэ трищIыхьыжкарэ и нэкIур зэрыщIуту кьыIыкIаУэ зы хъыджэбз гъуэнщэдж лъэпахъуэ кьакIуэр, зэрызищIынур имыщIэрэ хьэ лынщэу зызэфIиныу.

- Уа, ахьыджэбз, мы гъуэгур мы гъуэгумкIэ кIуэнуу пIэрэ? - зыхуэзгъаэ езым ещхьыж упщIэ зыри кьыззэрымыкIкIэ, ар зи цIыху лIэу - жьыгъу эр кьэсщIэну.

И дамитIыр и тхъэкIумитIым жьэхэуэу дрешей, Iэбжьанэ кьыхъ Iей зыпыт и Iэтхъуам-бгъэкIэ уеъуэдияуэ ныгъыу и Iэхэр егъэкIорахъуэ, а уэрэпсалъэ бзэр кьызгурыIуэркъым, жьхуиIэу.

Сэ абы сыщыгуфIыкIащ - си жагъуэ Iей хъунут ар адыгэ пщащэу кьышIэкIамэ.

ЩыIэщ хэкIыпIэ кьызыхуамыгъуэтыфи

Цыхуэр куэдрэ псэу ящIыфыну жаIэ. ЖаIэ, ятх ди гъащIэм и кIыхьаргъэр илъэси 150 - 200-м нагъэсыфын яху зэфIэкIыну.

Пэжынщ, пщIэнукъым. Адэжкlи Iэбэ у, цIыхур мылIэжыхэн тщIынущ жьаIэпэм, уи фIэщ хъунри хэльщ - инщ щIэныгъэм и къарур. Узэхэм зэратекIуэн хущхьэхэр къаугъэсысынкIэ, ущIа и кьхъуькъащIэ дызытекIуадэхэми, нэгъуэщIхэми зэгуэр Iэмал гуэр кьыхуагъуэ этынкIэ мэхъу.

Ауэ... Ауэ сэ кьызэгурымыIэр зыщ: цIыхум цIыхур имыуэкIыжу зэращIын я гугъэр дауэ пIэрэ?!

- Дэ, мыгъуэ, сыт ди щIэныгъэлI, дыхьыха хьуащи, дыкьыхэкIыжьыфырыкIыу, - жиIэрт щIэныгъэм цIыцIэрыIуэ гуэрым. ЗанщIэу гу лъымытэнкIэ ЩIэмал иIэтэкъым: абы апхуэдэу щIыжиIэр пэжтэкъым, мор, мыр ищIащ жаригъэIэн, зыщигъэтхъун щхьэкIэ!

Абы лъандэрэ сэ соукIытэ си ныкьусанытхъэм, сщIа щIагъуэ зэрыщымыIэм сигу иригъуу срипсэлъэн.

Нэхъ Iеиж Алыхьым уищI!

Мэкъуэщым зылI итт, нэгъуэщI зы блэкIырт.

- Салам алейкум!

- Алейкум сэлам!

- Дауэ ущыт?

- Уэлэхи, сымыщагъу э...

- Нэхъ Iеиж Алыхьым уищI!

- Iау! - кьэуIэбжьащ мэкъуэщым итыр. Зыхурихьыныр ящIэркъым кьыжраIар. Унэм щIохьэжри, и щхьэгъусэм ироупщI:

- Уа, фыз, мо ЩIасокьуэ Хьэжмурат зыгуэркIэ зэгуэр и жагъуэ пщIауэ пIэрэ уэ?

- Хьэуу... Сыт щыжыIапэр?

ЖреIэ Iуэхур зытетыр.

- НтIэ, - жи унэгущэм, - етIуанэ гъуэгу кьоупщIмэ, сыхьарзынэщ, псори фIыщ жыIи епльат.

МахуитI-щы дэкIауэ, блокI а лIыр аргуэр у, сэламий кьрех апхуэдэбзэу:

- Сэлам алейкум!

- Алейкум сэлам!

- Дауэ ущыт?

- Сыхьарзынэщ, псори фIыщ!

- НэхъыфIыж Алыхьым уищI!

ХЬЭХ Сэфарбий.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкъар Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР



360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: нотариокIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхугъэкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлажьэныжкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ псымоэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Гъэдэ тхыгъэхэм кьыщыхьэм, секретарым и къуэдзэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтеуэ зэныту щытхьым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынырэ щIэ дальщ КъБР-м федеральнэ пошт зэнэкъокъуэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.
Газетыр щынымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм лыгъэгъэлъэн и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.
Зы ильэсым газетыр 250-р кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революциэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжIыуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ЩIхьэщмащI Иэ, корректорэу Афэ Тамарэ *(3, 4,6-из нап.),* Щоджэн Инир *(1, 2,5-из нап.),* корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.**

Номеры "Адыгэ псалъэм" и компьютер IнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.009● Заказ №1935